



Pou Piblikasyon Imedya: 18/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 15 MILYON DOLA ADISYONÈL DISPONIB POU
MOUN NEW YORK K AP FÈ FAS AK IJANS CHOFAJ**

***Yo Ajoute Finansman pou Pwogram Asistans Enèji pou Kay la pou Asiste Fanmi
Ki Nan Difikilte Apre Dènnye Votèks Polè a ak Tan Fredi Koninyèl la***

***Peryòd Aplikasyon an Pwolonje Pou Jiska Fen Avril pou tout Pwopriyetè kay ak
Lokatè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke 15 milyon dola adisyonèl disponib pou ede moun New York ki elijib chofe kay yo apre yon seri move tan pandan mwa ki sot pase a. Kòmanse Madi, 19 Fevriye fanmi ki an danje pou manke kabiran chofaj oubyen yo ka koupe sèvis piblik yo, ka aplike pou yon dezyèm benefis ijans atravè Pwogram Asistans Enèji pou Kay la (Home Energy Assistance Program, HEAP). Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te anonse ekstansyon peryòd aplikasyon an pou toude benefis HEAP regilye ak ijans yo jiska 26 Avril.

“Fanmi pa dwe oblije chwazi ant chofe kay yo ak peye pou lòt bagay esansyèl tankou manje oswa medikaman”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Ak anpil nan eta a ki rete anba men glase sezon ivè a, disponiblite finansman adisyonèl sa a ap ede moun New York ki pi vilnerab yo rete cho e san danje padan dire sezon an. Mwen ankouraje nenpòt moun ki ka bezwen èd pou peye bòdwo chofaj yo nan sezon ivè sa a pou aplike pou asistans.”

“Sezon ivè sa a te espesyalman difisil, se poutèt sa n ap pran aksyon pou garanti ke plis finansman disponib nan Pwogram Asistans Enèji Pou Kay la”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Bòdwo chofaj sezon ivè a ka akimile vit epi ajoute yon fado sou bidjè fanmi yo. HEAP se yon resous esansyèl ki ede anpil moun New York atravè eta nou an fè de bout yo rankontre.”

Nòmalman, fanmi yo sèlman elijib pou resevwa yon benefis HEAP regilye chak ivè, epi apre sa yon benefis HEAP ijans nan ka yon kriz enèji. Kòmanse Madi, fanmi ki te deja resevwa yon benefis regilye ak ijans pandan sezon HEAP sa a pral kapab aplike pou asistans adisyonèl si y ap fè fas ak posiblite pou gen yon sèvis piblik fèmen oswa manke kabiran chofaj san yo pa gen mwaye pou replen li.

Tanperati frèt pèsistan Eta New York la ak lanèj nan semèn ki sot pase yo te konparab ak ivè dènnye - youn nan pi frèt anrejstre. Demann HEAP nan tout eta a rete anpil, ak plis pase 35,000 fanmi k ap chèche asistans jiska prezan ane sa a.

Menm si tanperati yo te rete modere pou sezon an nan komansman ivè a, yon votèks polè te glase New York anpil nan mwa Janvyè a, kote tanperati nan anpil zòn nan eta a te desann pi ba pase zewo. Anplis de sa, plizyè sistèm tanpèt ivè te pote anpil akimilasyon nèj toupatou nan eta a, ki enkli yon bann efè-lak ki etabli yon reko nèj ki tonbe chak jou nan Buffalo ta mwa pase a.

Kantite yon fanmi resevwa nan men HEAP depann de revni yo, gwosè fanmi an epi kijan yo chofe kay la. Yon fanmi kat moun ka genyen yon revni jiska 55,178 dola pa ane pou fanmi an, oubyen 4,598 dola pa mwa, e li ka toujou kalifye pou asistans. Yon kay ki chofe ak lwil kapab resevwa plis pase 2,200 dola nan asistans total sezon ivè sa a.

HEAP sou sipèvizyon Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance), sistèm federal la finance HEAP a 100 pousan. Y'ap aksepte aplikasyon pou HEAP ijans nan depatman lokal sèvis sosyal yo an pèsòn oubyen nan telefòn. Ou ka jwenn yon lis biwo dapre konte yo [isit la](#).

Eta New York bay tou lòt kalite sipò enèji kay pou fanmi ki gen revni ba ki ka ede yo ekonomize enèji, amelyore kay yo epi ekonomize lajan. EmPower New York, atravè Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEERDA), ofri solisyon gratis enèji efikas a prèske 135,000 moun New York revni-elijib ki posede oswa lwe kay yo. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Komisè pa Enterim Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Mike Hein, te deklare, “Fanmi New York yo k ap fè fas a yon kriz enèji pa ta dwe chwazi ant peye pou chofaj oswa lòt bagay esansyèl tankou medikaman oswa manje pandan peryòd fredri ekstrèm ak lanèj sa a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou asistans enpòtan sa a li bay kay ki nan gwo risk ivè sa a ak pou pwolonjman peryòd aplikasyon an pou tout moun New York yo”.

Direktè Biwo pou Granmoun Aje Eta New York la (New York State Office for the Aging), Greg Olsen, te di, “Resous HEAP adisyonèl sa yo trè enpòtan pou moun New York ki gen revni ba ki gen difikilte pou peye bòdwo chofaj yo pandan fredri ivè sa a. Gen lajan adisyonèl pou ijans chofaj ak pwolonje peryòd aplikasyon an ap ede anpil adilt anplis ak fanmi yo rete chofe ivè sa a. Gouvènè Cuomo toujou delivre fanmi yo epi anons resous sa yo ap limite risk pou sèvis piblik fèmèn, manke kabiran oswa konpòtman ki riske tankou chofe ak recho oswa tou senpleman viv san chofaj”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSEERDA, te deklare, “Moun New York nan tout eta a konnen twò byen fado enèji ke evenman move tan yo ka mete sou kay yo, ki mete aklè bezwen k ap grandi a pou ede fanmi ki pi defavorize yo fè fas ak enpak chanjman nan klima. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ofri yon seri pwogram konplè, tankou HEAP ak EmPower New York, pou ede rezidan revni ba yo ekonomize enèji epi fè kay yo rezistan a move tan epi enèji efikas”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)